



# Zimbabwe Catholic Bishops' Conference

---

Mhuri muZimbabwe  
Takatarisana neGwaro raPapa Francis Rinonzi  
*Amoris Laetitia, The Joy of Love*  
Rufaro muRudo



*Tsamba yoUfudzi yeZCBC  
Iri Kunyorerwa Mhuri Dzose  
Svondo yoKuparidza Chitendero 23 Gumiguru 2016*

## **Mhinzo:**

Isu saMabhishopi omuZimbabwe tinoda kukurudzira, kuchengetedza, kutsigira nokusimbisa Mhuri napose patinogona, zvikuru panguva ino mhuri padziri kutambudzika nenyaya dzamatongerwo enyika, kushaiwa chinovararamisa nokuoma kwaita hupenyu munyika, nezvimwewo zviri kunetsa.

MaBhishopi omunyika dzokuChamhembe kweAfrika(IMBISA: Angola, Botswana, Lesotho, Mozambique, Namibia, Sao Tome e Principe, South Africa, Swaziland, Zimbabwe) akaongorora zvinobata Mhuri, paMusangano wavo weIMBISA wakaitwa muna Mbudzi 2013, kuGaborone, Botswana. MaBhishopi akanga ataura navanhu vakawanda vakachata, vakashandisa zvavakaudzwa pamusoro pohupenyu hwemhuri, sezvavakambenge vaita muna 1998 kuWindhoek, Namibia.

PaMusangano wamaBhishopi wakaitwa mugore ra2014 nomumwe wakaitwa mugore ra2015, maBhishopi apasi pose vakakurukurirana pamusoro pomuchato nemhuri. Mugore ra2016, Papa Francis, saBhishopi weRoma nomufudzi mukuru wavatendi pasi rose, vachishandisa ungaru noruzivo rwoufudzi hweSangano rose, vakanyora Tsamba yeHurudziro (Apostolic Exhortation) inonzi THE JOY OF LOVE (*Amoris Laetitia*), RUFARO MURUDO, vachiinyorera vapristi vose, kubatsira vose vakachata, vose vari kugadzirira kuchata navose vari kusangana namatambudziko mumichato yavo.

Sezvinorehwa nezita regwaro iri rina mapeji 166, **Rudo** ndirwo rwuri pakatikati pomuchato nemhuri, zvinova zvinopa **Rufaro** rukuru.Iri **iShoko Rakanaka** zvechokwadi.

Musangano wegumi newechinomwe weSECAM (Symposium of Episcopal Conferences of Africa and Madagascar) wakaitwa kuLuanda, Angola muna Chikunguru 2016 uine dingindira rinoti: “Mhuri yomuAfrika, Nezuro, Nhasi naMangwana Takatarisana neShoko Rakanaka”. Musangano uyu wakabuda neshoko retarisiro nokubatana kuMhuri dzomuAfrika, nokupawo mazano ezvinogona kuitwa kubatsira basa roufudzi kumhuri muAfrika.

Shoko ratinoda kusvitsa kwamuri, isu samaBhishopi omuZimbabwe, nderokusimudzira nokukurudzira, kuzadza nechitarisiro, kurumbidza, kunzwisisa nokutsigira mhuri navose vakachata.

Mwari Musiki wedu akasika munhurume nomunhukadzi kuti vave norudo runounza rufaro. Kana rufaro urwu rwava kuita sorwaderera pamusana pokufungirana kana kusavimbana, tinoda kumutsiridza zvakare rufaro irworwo.

Papa Francis vanotikurudzira vachiti: *“Tinofanira kupota tichinyatsozvingorora isu pachedu”* (The Joy of Love, No.36). Kukurudzira uku kwakanangana navafudzi veSangano, vadzidzisi vechitendero navanopa zvidzidzo zvomuchato, vabereki navakuru mumhuri.

*“Hazvibatsiri kungoramba tichichema pamusoro pamatambudziko atiri kusangana nawo zuva nezuva, sezvinonzi zvinhu zvingasanduka. Hazvibatsiriwo kuedza kudzika mitemo nokushandisa chisimba.”* (The Joy of Love, No.35).

“Kwenguva refu taifunga kuti tikaramba tichitaura nezvinodiwa nedzidziso yeSangano, nezvoruzivo rweScience, zvatinofunga pamusoro kwokuvhiringika kunogona kuitwa namatsvagirwo okurapa vanhu nawo nemishonga mitsva, netsika namagariro akanaka, asi tisingakurudziri kuti vanhu vatsvage nyasha dzaMwari, tinenge tagona kutsigira mhuri zvakakwana, kusimbisa michato nokusimbaradza upenyu hwavachati” (Joy of Love, No.37).

*“Kazhinji tinowanikwa tichidududza tichiedza kutsanangura zvatiri kuita, tichitotambisa nguva nesimba mukutsoropodza pasi radai kushata, kunze kokutsvaga nzira dzokuti vanhu vawane mufaro wechokwadi...Jesu...haana kumbobvira atadza kunzwira kana kuva padyo noutera hwavanhu vakaita somudzimai muSamaria kana mudzimai wokubatwa achiita upombwe”* (Joy of Love, No.38).

Papa Francis vanotsinhidzira “kutarisira nokutsvaga NYASHA dzaMwari” uyezve “TSITSI DZAJESU”. Papa vanotikurudzira kuti tigadzirise dzidziso

yeChitendero cheSangano redu painorerekerera, “*kutaura nezvomutemo pano kutaura nezvenyasha, painotaura zvakanyanya nezveSangano pano kutaura nezvaKristu, painotaura zvakanyanyisa nezvaPapa panokutaura nezveShoko raMwari*” (Gwaro reHurudziro raPapa Francis, rinonzi Evangelii Gaudium, No.38). Papa vanotikurudzira kuti tiite sezvaiita Jesu, nguva dzose “*kunzwira kana kuva padyo noutera hwavanhu vakaita somudzimai muSamaria kana mudzimai wokubatwa achiita upombwe*” (Joy of Love, No.38).

Nokudaro, izvi zvinoreva kuti isu savafudzi navadzidzisi tinofanira kuva “padyo navanhu”, zvichireva kuva padyo navakachata, tichifamba pamwe navo, tichigoverana mufaro wavo, zvose nezvinovaomera kana zvinovashungurudza, “nokuvatakurira mitoro inorema”. Tinofanira kuvazarurira kunzwisisa zvinoreva nyasha dzaMwari, dzinova idzo chipo chatinopiwa naKristu chorudo netsitsi, kunzwira nesimba “rokutakura muchinjikwa wedu” pamwechete.

Ichi chitsvambe chikuru chisina akamboona, kuvapristi navafudzi vaifunga kuti “kuchatisa vanhu” inyaya yokungovapa chitupa chomuchato chete!

Papa vanoudza vafudzi pasi rose kuti vave nomwoyo munyoro, nokunzwira avo vavanoriritira pasina kuvatongera nokunyanya kuomesa mitemo. Izvi ndizvo chaizvo zvatinodzidziswa nomuenzaniso woMufudzi Akanaka.

## **Kuva Munhurume kana kuti Munhukadzi zvirira Mumunhu**

“*Akavasika vari munhurume nomunhukadzi*” (Mavambo 1:27). Kuva munhurume kana munhukadzi chinhu chakasikwa chiri mumunhu woga woga. Munhu anongova munhurume chete kana munhukadzi chete. Munhurume nomunhukadzi vakaenzana pachiremera chavo savanhu, asiwo vanhu vakasiyana. Musiyano uri pamavakirwo akaitwa miviri yavo, mafungiro avanoita, namagamuchiriro avanoita chitendero.

Mutsika namagariro aVarungu (*western culture*) tinoona vachiita savanoderedza musiyano uri pakati pavanhurume navanhukadzi nokuramba “kuwirirana kunobva mukusiyana kwavo”.

Asika Mwari akasika munhurume kuitira munhukadzi, akasika munhukadzi kuitira munhurume. “Michato pakati pavanhurume voga kana vanhukadzi voga” haisi muurongwa hwoMusiki. Panyaya iyi hapana kana sarudzo. Vanhurume navanhukadzi vanofanira kufadzwa nokubatsirana kwavanoita, vachigoverana zvipo zvakasiyana-siyana zvavanazvo.

Kuva munhurume kana munhukadzi hakurevi kungova nehavi yomuviri isingadzoreki. Vanhurume vanoda kufunga kuti havakwanisi kupingudza miviri yavo, vachitarisira kuti munhukadzi “anofanira kuzvionera nokuzvichengeta” kana akaita pamuviri. Munhurume akava nehanya nomukadzi wake, nokusamusiya achizvionera oga, zvinota kuti rudo rwavo ruve RUDO RWECHOKWADI, rwakadzama. Izvi ndizvo zvinoreva “Rufaro muRudo”. Pakadai mudzimai akazvitakura ane chokwadi chokuti murume wake haachamusii ari oga. Murumewo anobvuma kuti mwana ndewake nomudzimai wake, muchero worudo rwavo.

Zviri kwatiri kuti chipo ichi tinochishandisa sei. Ndoosaka tichifanira kudzidzisa vechiduku kuti vanzwisise miviri yavo, uye kuti vanhurume navanhukadzi vanofanira kuremekedzana. Kuva munhurume kana munhukadzi kune nzvimbo yako mumuchato. Muchato unotarisirwa kuvaka ukama hwavaviri kwoupenyu hwose, uchibereka michero. Kwatiri isu savanhu vanozvisarudzira, kusangana pabonde kunoratidza kudanana kwavaviri vakachata nokuvimbana kwavanoita.

Kana vaviri vakachata vachizvipa mumwe kuno mumwe wavo pabonde kuratidza kuva nehanya nomumwe wavo.

“Ndine hanya newe, iwe une hanya neni.”

“Mutoro wako ndewangu, mutoro wangu ndewako.”

“Mufaro wako ndewangu, mufaro wangu ndewako.”

*“Naizvozvo murume achasiya baba vake naamai vake achiva chiname nomukadzi wake vaviri ava vachiva nyama imwechete” (Mavambo 2:24).*

*“Kana mumwe mutezo (womuviri) ukarwadziwa yose inorwadziwa pamwechete. Kana mumwe mutezo ukakudzwa yose inofara pamwechete. Zvino imi muri muviri waKristu uye mumwe nomumwe wenyu mutezo womuviri iwoyo” (1 VaKorinde 12:26-27). Murume nomukadzi, vachiva “nyama imwechete” kana “muviri mumwechete”, zvinoreva kuti*

*zvavanazvo ndezvavo vose. “Zvangu”, hazvisi zvangu ndoga; “zvako”, hazvisi zvako woga. Ndezvedu “tose” nguva dzose.*

## **Munhu akasikirwa Rudo**

*“Mwari rudo”.* Munhurume nomunhukadzi vakasikirwa rudo. Rudo urwu runofanira kuti rubereke michero muna zvose zvoupenyu hwavo.

Kudanana kunoonekwa nokuda mumwe nomwoyo, uchitungamirirwa naMweya Mutsvene, hazvisi zvinhu zviviri zvakasiyana. Rudo rwomumwoyo runoratidzwa norudo runoonekwa, rudo runoonekwa chiratidzo chorudo rwuri mumwoyo.

Ndoosaka chitendero chiine nzvimbo yakakosha mumuchato. Mweya Mutsvene anogara muvanhu vakachata anoita kuti vabatane mukunamata. Kuva nyama imwechete nokudanana kwavanoita hakufaniri kuvapatsanura kubva muchitendero chavo. Zvinotofanira kudzamisa kutenda kwavo norudo rwavo, kunzwirana nokuva nomwoyo murefu.

Ndosaka zvakanaka kuti vanhu vakachata vave nechitendero chimwechete, kuitira kuti vagonamata pamwechete vari muSangano rimwechete, vadanane savana vaMwari uye savakoma nehanzvadzi dzaKristu, “vabatsirane nokutakurirana mitoro” (VaGaratia 6:2).

Vakachata uye vakaombekwa, kunyangwe vachipinda mumaSangano akasiyana, vane zvakawanda zvinovabatanidza (chitendero muna Kristu, Ruombeko, Shoko raMwari muMagwaro Anoera, kuva nhengo dzoMuviri waKristu, kunyangwe kusina kuzara). Tinofanira kuvabatsira kuti vabatane muna Kristu zvisineyi nokusiyana kwavo.

MuKatorike akaroorwa kana akaroorwa nomunhu asina kuombekwa haakwanisi kugamuchira maSakaramende. Asi ngavarege kupatsanurwa: *“Kana hama munamati ino mudzimai asiri mutendi asi achibvuma zvake kugara naye, haafaniri kumuramba. Mudzimaiwo, kana aine murume asiri mutendi achibvuma zvake kugara naye haafaniri kumuramba. Iwe mudzimai ungazive sei kuti zvimwe uchaponesa murume wako? Newewo murume ungazive sei kuti zvimwe uchaponesa mudzimai wako?”* (1VaKorinde7:12-

13,16). Mvumo yokukomborera muchato uyu muSangano inogona kupiwa kunyange paino musiyano mutsika nomuchitendero.

Muchato pakati pavanhu vakaombekwa iSakaramende. Murume nomudzimai murudo rwavo chiratidzo chinoonekwa chorudo rwuri pakati paKristu neSangano, rinova mwenga wake. Mweya waKristu woRudo unogara mumwoyo yavo senhengo dzakaombekwa dzomuviri waKristu, zvikuru nomumuchato wavo.

## **Chitendero noMuchato**

Pamichato mizhinji tinoverenga Shoko Rakanaka rinotaura nezvoMuchato wokuKana (Johani 2:1-11). Tinokoka Jesu Kristu kuti auye mumichato yanhasi uye kuti agare navachangochata nguva dzose.

Kuna vamwe vechiduku vachangochata izvi zvinogona kusareva chinhu. Vamwe havasi vaKristu, vamwe havazivi chitendero chechiKatorike. Vamwewo, kunyange zvavo vakaombekwa, havaende kunonamata navamwe. Vanenge “vanhu vakaombekwa asi vasingatenderi”.

Hazvina kukwana kuti vakabata mumaoko magwaro okuti vakaombekwa. Savafudzi kana vadzidzisi vezvomuchato tinofanira kuedza kumutsiridza chitendero chavo. Vanofanira kukokwa kuti vasangane naJesu saTenzi wavo ivo pachavo, sezvakaita Pauro Mutsvene, navapositori navaKristu vokutanga. Pamwe seshamwari nomukoma kana munun'una womuwani ndinogona kugoverana chitendero changu, kuva pedyo kwangu naJesu, nokufamba munzira dzake. Iri ibasa rinoda kuzvipira, kudarika kuronedzera zvinodiwa nomutemo.

Muwani anofanira kusangana naJesu nokuziva rudo rwake rusina mugumo runoratidzwa nokuzvipira kwake mukutambudzika nokufa; anofanira kuona kukosha nokudiwa kwakanyanya kunoitwa naJesu vana vaBaba vake; anofanirawo kuona kuti Mweya Mutsvene angamubatsirasei, iye nomwenga wake, pamwe nemhuri yavanotarisa kuzoita. Iri ndiro Shoko Rakanaka ratinoda kugoverana navaviri ava.

Mwenga ane zvakawanda zvaanogona kuita kuti agoverane chitendero chake nomurume wake. Anogona kuenda naye kuSangano, rinova mhuri yorudo. Mapoka akaita “seVechiduku vabvazera”(Young Adults) kana “Vechiduku Vachangochata” (Young Couples) kana “Vari kugadzirira kuchata” (Engaged Couples) anogona kubatsira muwani mutsva akaita souyu.

Ushamwari huchangotanga, hunotarisirwa kuzosvika mumuchato woupenyu hwose, hunofanira kumboedzwa. “Chinoita kuti tichate rudo”. Asika, chii chinonzi rudo? Uyu mubvunzo hausu nyore kupindura. Ndosaka muchato uchifanira kugadzirirwa kwenguva refu.

“Rudo rwuzere runofanira kupa pane kugamuchira, rune hanya noupenyu kana utano hwomumwe wako kupfuura upenyu kana utano hwako pachako. Rudo kuzvipa iwe pachako kwete kushandisa mumwe wako kuti zvikunakire iwe...

Hwaro hwoMuchato wechiKristu huri mukuzvipira zvachose murudo rwaKristu. Pasina Mweya waKristu, hapagoni kuva noMuchato wechiKristu nokuti Muchato kutenda musimba rorudo rwaKristu. Izvi zvinaita kuti 'muchato pakati pavatendi navasiri vatendi' ive yakaoma...”(Kubva Mugwaro reIMBISA, Plenary Assembly, Gaborone/Botswana 2013, Love or Convenience?, p. 6).

Gadziriro yomuMuchato Mutsvene inoda kumutsiridzwa kwechitendero kuzere, kana kusangana naKristu kwechokwadi iwe pachako muboka ravaKristu muchipemberera mamwe maSakaramende, zvikuru roRupinduko nereYukaristia. Aya anogona kunge agwamba muupenyu hwomumwe wavo kana muupenyu hwavo vose.

Kugadzirira muchato kunoitwa sechirango kunofanira kuvandudzwa. Vaviri vanopemberera “kuva nyama imwechete... izvi zvinobva kuna Mwari pachake” (Joy of Love, No.213). Naizvozvo “vaviri ava vanofanira kukurudzirwa kutora Maitiro eSakaramende roMuchato sechiitiko chinovabata zvakanyanyisa ivo pachavo uye kuti vanzwisise chimwe nechimwe chevinoitika paMaitiro aya. Pana vaviri vakaombekwa, kuzvipira kunoonekwa mumazwi okubvuma nokuzova nyama imwechete kunoonekwa somufananidzo worudo nokubatana kuri pakati poMwanakomana waMwari akava munhu ane nyama neSangano rake” (Joy of Love, No.213).

Uku kugamuchirwa muupenyu hutsva nokusangana naMwari wedu anova iye rudo noupenyu. Vachati havangokoka mhuri neshamwari kumuchato wavo kuti vauye kuzongofara nokusangana navamwe,asi kuti vagoverane navo zvinobata mweya yavo pazuva iri nomuupenyu hwavo hwose.

Mhemberero yomuchato haasiri iwo magumo oupenyu, asi kutanga kwoupenyu hwavaviri vari pamwechete. *“MaBhishopi okunyika yeKenya akaongorora kuti 'vechiduku vazhinji vanonyanyisa kuisa pfungwa dzavo dzose pazuva romuchato wavo, vachikanganwa kufunga nezvokuzvipira kwoupenyu hwavo hwose vari mumuchato wavave kupinda.' Vanofanira kukurudzirwa kuti vaone Sakaramende iri sechiitiko chaicho chinogara chiripo muupenyu hwavo hwose, kwete sechinhu chinongoitika ipapo zvichibva zvangopera”* (Joy of Love, No.215).

Mupristi, vadzidzisi vechitendero nevemichato navaKristu vose vanofanira kuzvionawo izvozvo nokuti muchato isarudzo “youpenyu hwose”.

Inofanira kunge iri sarudzo inoitwa munhu anyatsofunga, aine ruzivo rwakadzama rwomumwe wake. *Varikuda kuchata “vanokurudzirwa kuti vakurukurirane tarisiro yomumwe nomumwe wavo kubva mumuchato,... kuti vanotarisira chii kubva kuno mumwe wavo ... Sarudzo yokuchata haifaniri kukurudzirwa kusatoti vari kuda kuchata vanyatsodzamisa pfungwa dzavo kuitira kuti vanyatsozvipira zvechokwadi mune zvavari kuda kuita”* (Joy of Love, No.209).

## **Muchato – “Unoshandirwa upenyu hwose”**

Murume nomukadzi vanokura mukufamba kwenguva, vachikurawo mumagariro noukama hwavo. Muchato wavo haungogumiri panopera zuva rokutanga vava murume nomukadzi. Muchato “inzvimbo ichiri kuvakwa”, muchato “unoshandirwa upenyu hwose”. Kuti muchato ukure unoda mwoyo murefu, mwoyo wokuregerera, kugona kugamuchira zvinodiwa nomumwe wako, kudzidza upenyu utsva, kudzidza kusatarisa kuti zvinhu zvose zvinofamba nenzira yaunotarisira iwe. (Verengai VaKorose 3:12-17). Murudo, vaviri ava vanodzidza “kutakura mutoro womumwe”. *“Ibasa roupennyu hwose... hapana angatarisira kuti mumwe wake anoita zvose nomazvo”*.

Kugara uchitsoropodza nokuzviita iwe mugoni, kuudzana kuti ukasaita chakati ini ndinodai, kupomerana mhosva - izvi zvinoda kunyatsotsanangurirwa vachangochata kubva pakutanga kuti hazvibatsiri muchato wavo” (Joy of Love, No.109). Zvatisingakwanisi kuita mumuchato hazvifaniri kutirasisa mwoyo. *Izvi zvine “mashoko akanaka”, okuti Rudo rwakavakwa noMunamoto muMweya waKristu rudo rwakasimba, rwunogara kwenguva isingaperi, rwunonotirira, “rudo rwakasimba sorufu”*(Rwiyo Rwakanakisisa 8:6).

NomunaKristu avo vanosangana namatambudziko akadai mumichato, vanogona “kukunda” utera nokugara vaine chitarisiro. Kubva pakutanga, “urongwa” hwavo hunogona kuenderera mberi kusvikira pamagumo. Havazofungi zvokuparadzana kana kurambana kana zvinhu zvangotanga kuoma.

Kana murume akada kutsvaga "rudo rwechokwadi" kune mumwe munhu, haazoruwani.

Kazhinji kana murume atadza kuchengetedza rudo rwokutanga, achatadza zvakare kuchengetedza rwechipiri. Asi munhu akatendeseka anowana rudo rutsva rwakadzika “*pamukadzi wapahudiki hwake*”, (Tsumo 5:18).

“Michato mizhinji inotonhora nokuti murume nomukadzi havachataurirani kana kuteererana, ndokunge vaimbozviita kubva pokutanga.” Mumagariro edu akare varume navakadzi vaiita mabasa avo vakasiyana. “Boka ravaKristu rinogona kubatsira kuvamba tsika namagariro matsva okuti varume navakadzi vashande vachitaurirana nokuteererana. Izvi zvinogona kuitwa muMapoka Maduku Okunamata (*Small Christian Communities*), matare makuru amaParishi, namamwe akadaro”(Family In Africa, Communication, p. 21).

## **Rudo rune Michero – Kudanana, Kuda vana**

Kana vachati vechiduku vachitanga mhuri, kutaurirana pauviri hwavo kwakakosha zvikuru. “*Kuva nemhuri hachisi chinhu chinongoitika. Zvinoda kuona zviru mberi nokuronga. Zvinoda kuti murume nomukadzi vabudirane*

*pachena, vakaenzana muchiremera chavo savanhu, asi vakasiyana zvavo mumabasa avo samasikirwo avakaitwa naMwari. Izvi zvava kuda muchato une maonero matsva okuti murume nomukadzi havangogoverani bonde chete, asi vanogona kutokurukurirana nezvazvo vakasununguka. Kuva Vabereki Vakarongeka, kushandisa nzira “yokuronga mhuri inotevedzera masikirwo omunhu pasingashandiswi mishonga nezvimwe zvinodzivirira kubata pamuviri, zvinogona kubudirira chete kana mukadzi nomurume vachitaurirana zvavari kuona, nokunzwisana mumiviri yavo. Iyi ndiyo nzira itsva yokurarama, yokuremekedzana nokupanana rudo zvizere. (Family in Africa, 21).*

*"Kuva munhukadzi kana munhurume hachisi chinhu chokuzvifadza nacho iwe pachako. Inzira yokuratidzana nayo rudo rwakadzama runobva mukatikati. Ndipo panobva upenyu hwomunhu"* (“The family is the basic Unit of Society”, 1994, muZCBC Pastoral Letters Volume 2, p. 56 ff.)

Rudo runofanira kubereka michero. Rudo rwomukadzi nomurume runoita kuti vakure muukama nounhu hwavo, vave nokunzvirana, nokuvaka kugarisana kwopenyu hwose. Kusangana pabonde kunoita kuti vabereke vana, kuchivaitawo vabatsiri vaMwari mukusika vanhu. “*Rudo runopa upenyu, asi undingoveni hunouraya.*” Amai vanoona murume wavo pamwana wavo, baba vanodawo mwana wavo; maari baba vanoona mukadzi wavo wavanodisisa. Mwana ndiye chiratidzo chionooneka chokudanana kwavabereki.

Iri “ishoko rakanaka” zvikuru. Marongerwo okushanda munyika ngaarege kutadzisa vakadzi navarume kuva vabereki. Vakadzi ngavasununguke kusarudza kuva vanaamai. Mararamiro edu anofanira kuvapa mukana wokugona kurera mhuri pamwechete nokuenda kumabasa, kuva nevana nokushandira nyika panguva imwechete.

Vakuru ngavatsigire vechiduku vachangochata mukutanga mhuri dzavo. Ngavarege kupindira mune zvizhinji vachihwanda netsika namagariro edu. Vechiduku ava ndivo varidzi vomuchato wavo. Vacharonga voga kuti vanoda vana kana mhuri yakakura sei, kunyange vakasangana nezvimhingamupinyi.

Vabereki vanopiwa vana sezvipo. Zvechokwadi iri "ishoko rakanaka". Vana vazhinji vanopiwa mazita okuti Joy, Happy, Rufaro kana kuti Farai. Izvi zvinoratidza chitarisiro chikuru. Kunyange vabereki vakaomerwa sei mukurera mwana wavo vanomugamuchira nomufaro.

Vabereki vose vari vaviri vanotarisirwa kuona mwana uyu sewavo. Musiki akapa vanababa basa rokurerwa vana seraakangopawo vanamai. Vanamai namasikirwo avo vanogamuchira basa ravo iri zviriri nyore; vana baba vanoda kubatsirwa nokudzidziswa navatendi vechiKristu, kuti vagamuchire basa ravo rokurerwa mhuri.

Vana vanogona kusanyatsoona kukosha kwebasa ravanamai, asi vachiyemura vanababa vavo chaizvo. Vanoda kuchengetedzwa nounyoro norudo navanamai vavo, vachizodawo kuratidzwa nzira yakanaka yokufamba nayo muupenyu navanababa vavo.

Vana vanofanira kunyatsonzwisisa zvinzvimbo zvavanhurume navanhukadzi. Vanoda amai nababa kuti vose vavadzidzise zvoupenyu. *"Kusatya kusiyana navamwe ndiko chete kunoita kuti tisava noundingoveni nokungozvifunga kwakanyanya. Kudzidziswa nezvokuva munhukadzi kana munhurume kunofanira kubatsira vechiduku kuti vagamuchire zvavari mumiviri yavo 'varege kutsvaga kufanana navamwe vachibvisa pfungwa yomusiyano wavanawo navamwe nokuda kwokusaziva kuti voita sei'"* (The Joy of Love, No.285).

Kuti vabereki vadzidzise vana vavo nokuvaumba samaonero avanoita ramangwana, vanofanira kuzviita vachinyatsoziva zvavanoda. Dzidziso haingoitiki yoga.

Mukudzidzisa kwavanoita vana, vabereki vanokwikwidzana nezvakawanda. Vana vane zvizhinji zvavanosangana nazvo zvisingazivikanwi navabereki. Zvinhu zvakaita sesocial media, masaisai edandemutande (*Internet*), mapepanhau, mafoni amazuva ano, zvivhitivhiti (*TV*) zvinodzidzisa vana zvinhu zvinopesana chaizvo nezvinoda vabereki vavo kuti vadzidze. Boka ravaKristu rinofanira kupa vanhu mukana wokukurukura nyaya dzakadai nokupana mazano.

## **Kuchengetedza Vana**

Vana chipo chaMwari kumhuri. Mugwaro ravo rinonzi *Africae Munus*, Papa Benedict XVI, vanoti "... vana chipo chinopiwa vanhu vose naMwari. Vanofanira kukosheswa nemhuri dzavo, neSangano, munharaunda yavanogara pamwechete nehurumende nokuti ndivo chitubu chetariro itsva". Sangano, saAmai vanorudo ..., "harigoni kurasa upi noupi wavaduku varo." (*Africae Munus no.65*). Izvi zvinoreva kuti vabereki savadzidzisi, vane basa, norudo nomuenzaniso wavo, rokudzidzisa vana vavo chivimbo noruremekedzo runo rudo. Mhuri inobatsira vana kuti vave nokugadzikana muhana dzavo, vachinzwa kuti vari kuchengetwa zvakanaka.

Kuchengetedza vana kwakakosha zvikuru nokuti kunovabatsira kuti vakure zvakanaka. Kana tichiti mwana akachengetedzeka, tinoreva kuti anogona kufambidzana nomumwe munhu pasina chingamuwira. Mhuri dzinofanira kuchengeta vana vadzo panzvimbo inoita kuti vakure zvakanaka, vachigarisana zvakanaka navamwe, vova vanhu vano zvizibata nokudzikama, vanhu vanokura mukunamata nokukoshesa unhu hwavo nokuremekedza miviri yavo. Mhuri ngaive chikoro chokutanga chavana, chikoro chinovadzidzisa kuzviremekedza, kuremekedza vamwe nokuita mabasa akasiyana siyana. Mhuri ngaidzidzise vana zvichavararamisa muupenyu, kuti vagokura kuva vanhu vanogona kuzviriritira.

## **Chiremera chakaenzana, asi tiri vanhu vakasiyana**

Vanhukadzi vanoda kuremekedzwa nokupiwa chinzvimbo chavo. Iri ndiro "shoko redu rakanaka"; ndizvo chaizvo zvakaitwa naJesu. Akava muenzaniso wakanaka. Kuremekedza vanhukadzi nokuvapa chinzvimbo chavo inzira yedu yechiKristu yokukunda kurwisana mudzimba, kushungurudzana kwavanhukadzi navanhurume, kubatana chibharo kana kutengeswa kwavanhu, rusarura "nokurwisana kwavanhurume navanhukadzi", zvinhu zvose zvisingadiwi noMusiki vanova ivo Baba vedu tose.

Tinowirirana nenyaya yokuti madzimai apiwe mukana wokuti vave vatungamiri vachishandisa zvipo zvavo nokukoshesa chiremera chavo (sokutaura kunoita vezvekodzero dzamadzimai).

Asikana zvava kunzi hapasisina mutsauko pakati pavanhurume navanhukadzi, tichiti vakadzi ngavave varume, varume vave vakadzi, kusaremekedza vanamai navanababa, muchato kana mhuri, zvinenge zvisisiri "shoko rakanaka".

Mhinduro yedu padambudziko “rokuti ndini murume mumba muno”iri pakuyanana vanhurume navanhukadzi nokupemberera basa ravo rokurera vana vavo nezvavanogona kuita kubatsira nyika neSangano.

Kunyangwe tichiremekedza vanamai vanorera mhuri vari voga nechirikadzi, tichishuwira kuti dai maparishi edu eSangano Katorike avagamuchira norudo namaoko maviri, hatigoni kurarama pasina vanhurume. Vanababa nanamai, vakabatana vachiremekedzana, murudo nomukuita mabasa okurera mhuri dzavo, vanoramba vakakosha muSangano. Kuva baba chipo chikuru. Ngatisangovatora tichivanyomba "savarume vanotonga zvoudzvinyiriri" (sezvinotaurwa navanorwira kodzero dzamadzimai).

Pauro Mutsvene akati: “*Rudo runo mwoyo murefu; rudo rune mutsa; rudo haruna shanje; haruzvitutumadzi; haruzvikudzi...*” (1 Vakorinde 13:4–7). Zvechokwadi uyu ndiwo mushonga unorapa michato yedu yakawanda.

Kana vakachata vabvazera, simba rouduku rava kupera, vanofanira kuramba vari shamwari neshamwari. Bvunza murume kuti “Shamwari yako yapamwoyo ndiani?” Zvinofadza chaizvo kana akapindura achiti: “Mudzimai wangu!” Pakadaro panenge pasina chikonzero chokuita “gumbo mumba gumbo kunze.”

“*Kana mukadzi nomurume vasisagoni kutandara pamwechete, mumwe wavo kana kuti vose vanogumisira vava kuzvivaraidza nemidziyo yamazuva ano (yakafanana nemafoni, masaisai edandemutande, nezvivhitivhiti), vanogona kutsvaga zvimwewo zvinovavaraidza, kana kutsvaga rudo kuna vamwe, kana kutsvaga dzimwe nzira dzokutiza mumba musisagariki.*” (Joy of Love, No.225) Urongwa hwoufudzi hwakavambwa “hweFaithful House” huri kuitwa kunzvimbo zhinji kunosangana vakachata nokuna mamwe mapoka, hunofanira kukurudzirwa.

Parishi inogona kuita zvakawanda kubatsira vachati vabvazera. Kutadza kutaurirana mudzimba kunogona kugadziriswa nokupinda misangano “*yeMarriage Encounter*”. Vachati vabvazera vanogona kubatsira vechiduku vachangochata naavo vari kugadzirira michato.

Mhuri yepaparishi inofanira kupemberera vanasorojena vagara mumuchato kwenguva refu, nokuda kwokuratidza kwavo kutirira, mwoyo murefu nokushingirira kwavo. Runyararo nokuwana mazuva okudzamisa pfungwa vari pamwechete kunogona kuvaita kuti vave “vamwechete muMweya”. Madzimai anoenda kumazuva aya okuzvivandudza ngavarege kuenda vari voga “sechirikadzi”, vachisiya varume vavo kumba. Mose munoda kuvandudzwa. Chinhu chinonakidza chaizvo kuona vabvazera vachiratidza pachena kuti vachiri kudanana.

## **Mhuri Munguva yoKuoma kwaMagariro AvanhuneZvamatongerwo Enyika**

Tinoda kugoverana nemi “Shoko Rakanaka”. Tinofara netsamba yaPapa inonzi “The Joy of Love” (Rufaro muRudo). Papa vanosimbisa kuti tine nyaya yakanaka chaizvo, asi tinofanirawo kupota “tichinyatsozviongorora isu pachedu”.

Kazhinji “takaedza kudzika mitemo sezvo tirisu tine simba racho, tikatadza kupa vanhu chivimbo munyasha dzaMwari”. Kazhinji taidzidzisa nezvomuchato “somutoro woupenyu hwose”. Isu, savafudzi, “*Kazhinji tinowanikwa tichidududza tichiedza kutsanangura zvatiri kuita, tichitotambisa nguva nesimba tichitsoropodza pasi radai kushata, kunze kokubatsira kutsvaga nzira dzokuti vanhu vawane mufaro wechokwadi*” (The Joy of Love, No.35-38).

Sangano rakazvipira kuunza “mufaro wechokwadi” mumichato nomumhuri. Rudo pakati pomurume nomukadzi vakachata runofanira uye runogona kuunza mufaro.

Izvi ndizvo zvatisingambokanganwi kunyangwe tichisingana nezvipingamupinyi zvapasi mazuva ano.

## Umbimbindoga

Vamwe vanoona kuchata sokuzvisunga mbira dzakondo. Vanoona sevarasikirwa norusununguko. Kuvanhukadzi, pane kupikisana pakati petsika namagariro anotarisirwa norusununguko rwavanoshuwira. Vanhurume vanoomerwa nokuzvipira zvachose mumuchato uye kupa rudo ruzere. Rudo rwokushandisana runopunza kuwirirana pakati pavakachata. *“Tava kuona kugarisana kwakanaka sezvatinongoita zvinhu zvatinoshandisa nezvinhu zvakatikomberedza, tichiti chinhu chose chinogona kuraswa; munhu wose anongoshandisa chinhu ochirasa kana apedza nacho, anongotora nokupwanya kana ada, anongoshandisa pamadiro kusvika chinhu chafa. Naizvozvo, kana takonana aziva kwake aziva kwake”* (The Joy of Love, 39).

Kare “kubvisa roora” zvaireva kubatanidza mhuri nokuvaka ukama. Mazuva ano kwava kuita sokutengeserana. Vatezvara vanotarisirwa kuti mukwasha wavo achavabudisa muushayi hwavanahwo. Nokuda kwokuti mukwasha murombowo (nokuti haashandi kana kuti anotambira mari shoma), vaviri vanodanana vanopedzisira vongogara vose vachichaya mapoto vasina kutenderwa navabereki kana kuchata muSangano. Kugarisana kwakadai hakuna kusimba, zinyekenyeke. Vanogona kungosiyana chero nguva. Mudzimai anopedzisira ava kugara samai vanorera mhuri vari voga, vana vachizokura vasina baba.

Mubvunzo wvakuru navaduku unenge wava wokuti: “Ndinowanei pakugarisana nomunhu uyu? Chii chandichawana kumurume kana mukadzi uyu?”

Asi mubvunzo unofanira kuvapo ndewokuti: “Ndingapei mumwe wangu? Ndine rudo here? Ndinogona kuzvipira here kana kushandira nokushanda pamwe nomudiwa wangu?”

Ngatiyeukei kuti Shoko redu Rakanaka nderoMufaro muRudo!

## **Vanhu ngavapemberere vanaAmai**

Zvinofadza kuti Sangano harioni kuva Amai sechinhu chechinyakare. Iro Sangano pacharo ndiAmai uye rinogara richigamuchira vana varo nguva dzose. Rudo rwaMwari runoenzaniswa norudo rwaamai: “*Semwana ari kunyaradzwa naamai vake ndiko kunyaradza kwandichakuitai imi*” (Isaya 66:13). Sangano rinogamuchira vana nguva dzose sezvaingoita Jesu.

Kunyika dzavarungu (western world) vanhukadzi vanokurudzirwa kuti vasava nevana vanodarika mumwechete kana vaviri, kana kutorega zvachose. Tinoona vana vari kuberekwa vari vashoma pane vanhu vari kufa munyika idzi. Vanhu vanokurudzira nezvekodzero dzamadzimai vanoda kuti madzimai vapinde mumabasa, kwete kuti vave vanaamai. Zvava kuitika ndezvokuti vanhu vanobva kunyika dzokuAsia neAfrika ndivo vava kuwedzera uwandu hwavanhu munyika idzi.

Tsika namagariro emhuri dzomuAfrika dzinokurudzira kuti vanhu vaberekane vawande. Vana inhaka ngatirege kurasa tsika iyi. Zvinoshamisa kuti chero munyika yedu ino, tava kuona vechiduku vachangoorana vachitanga vatarisa homwe yavo vasati vava nevana. Tovashora here? Kana muchida kuvaka imba kana kuva nemhuri munofanira kuziva kuti mune zvakakwana here. “Tinofanira kutaura nezvokuva vabereki vakarongeka.”

Ndeipi nzira yakanakira utano hwemhuri, zvikuru hwaamai? Kuronga mhuri kusingashandisi mishonga nezvimwe zvinhu zvinotadzisa mai kubata pamuviri hakukanganisi muviri noutano hwaamai. Nzira idzi dzinoda kutaurirana pakati pababa namai, hadzingopi mutoro kuna amai chete.

Iri ndiro rimwe “shoko rakanaka” pamusoro pomuchato wechiKristu: nguva dzose unobatanidza vose murume nomudzimai. Mudzimai haasiwi ari oga. Murume ane hanya noutano hwomudzimai wake. Vaviri ava vanowirirana kuti voita vana vangani zvakare vakaparadzana zvakadii.

Hapana murume anogona kungoti kumukadzi: “Handichadi vamwe vana. Hapanazve imwe nhumbu ichaitwa pano. Kutu zvikaitika ndiwe uchaona zvokuita. Usandinetsa.” Kana kuti “Ndinoda vana vashanu, vakomana vatatu navasikana vaviri. Zvokuti utano hwako hauna kunaka ndezvako.

Wotoenda kunoona chiremba. Usandinetsa nezvenyaya dzezvoutano hwako samai”. Murume akarongeka anopinda mazviri sezvinongoitawo mudzimai wake.

Zvimoreva kuti munoshandisa njere nounngwaru hwenyu nokunzwisisana kwamunoita, zvakare nokuziva kwamunoita miviri yenyu. Savabereki vechiKristu vanorudo nehanya, munofanira kubatsirana kuita sarudzo yakanaka.

## **Kuparara koupfumi hwenyika nourombo**

Vazhinji vechiduku vachangoroorana havana nzvimbo yavanogona kutanga mhuri. Kutanga upenyu hwavo vari vese vachigara pamba pavamwe samaroja hakuvapi nzvimbo yakachengeteka nomukana wavanofanira kuwana wokunyatsodanana. Vamwe havatombokwanisi kuwana pokuti vagare vari voga, zvikuru kana vasingashandi.

Kugara vanhu vakatsikirirana kunokonzera kushungurudzana kwavanhurume navanhukadzi nezvimwe zvisina kunaka (Diana Auret, Urban Housing: A National Crisis? Overcrowding and Inadequate Housing and the Social and Economic Effects, Mambo Press, CCJP, 1999). Izvi zvinozoita kuti vanasikana vasiye chikoro nguva isati yakwana, vachimanikidzwa kuti varoorwe vachiri vaduku. “Families [are] in need of Environment to Flourish” (inowanika muThe Family in Africa, p. 32).

Kushaya mabasa kunomanikidza vanhu vakachata kuti vagare vakaparadzana. Varume, kana vakadziwo, vari kubuda munyika muno kundotsvaga basa kune dzimwe nyika. Izvi zviri kukonzera kusavimbika mumichato, zvichiunza HIV/AIDS nezvimwe zvirwere, nokurambana.

Nyika ino isati yawana rusununguko, kuenda kwaiita vanhu kunoshanda kure nemisha yavo kwakaparadza mhuri dzakawanda. Kana nanhasi kubuda munyika kuri kukonzera kusabatana kwemhuri. Izvi zviri kukonzera nokushaikwa kwamabasa, urombo noudzvinyiriri hwavatongi. Zvinhu zvinogona kumutsiridza upfumi hwenyika nokuwanisa vanhu pokugara pakawana, utongi hwakanaka, kutevedzera mutemo, kuremekedza kodzero dzavanhu nourongwa hwezvoupfumi hwakanakira ruzhinji. Izvi

zvinogonawo kuderedza uwandu hwavanhu vanobuda kunoshanda kunze kwenyika nokupa vanhu nzvimbo yakanaka yokurera mhuri.

**“Zvinenge zvakanaka kuti mhuri yoga yoga igone kuwana imba yayo nokuti kuva neimba chinhu chinobatsira mukugadzikana nokudekara kwemhuri. Hurumende ndiyo ine basa rokuona kuti mhuri dzagadzikana norudekaro”** (ZCBC, 1989). Mhuri dzechiduku dziri kushaya mukana wokuwana dzimba dzokugara. Naizvozvo dzinopedzisira dzagara muzvitangwena.

*“Kana Sangano richida kuchengetedza nokuumbiridza tsika namagariro emhuri yomuAfrika, rinofanira kubatsira kuti tsika idzi dzakanaka dzirambe dziripo. Mumusha wechinyakare womuAfrika, dzimba dzokurara dzavakomana (gota), dzavasikana (nhanga) nedzavabereki dzakanga dzakaparadzana. Magariro omumadhorobha okutsikirirana nokugara muzvitangwena haapi kusununguka kunofanira kuva muupenyu hwavanhu vakachata nomumhuri. Mhuri dzinogara upenyu hwakadai hadzigoni kunzwa Shoko Rakanaka roupenyu rinoparidzwa neSangano...*

Sangano rinogona kubatsira mibatandiswa yokuvaka dzimba asi nzvimbo dzokuvakira dziri kushaikwa nokuti vanopa pokuvakira vanoda kupihwa chioko muhomwe. Sangano rinofanira kushandisa simba raro rose rokudzidzisa magariro akanaka kuti zvakadai zvirege kuitika.” (Families in Need of Appropriate Environment, The Family in Africa, pp. 35 -36)

## **Utano Hwemhuri**

Kunamata kunobatsira utano hwomuviri. Mukadzi nomurume vanotenda kuti vakawanana, vanoona mumwe wavo sechipo chinobva kuna Tenzi Musiki wavo, vanonamatirana nokuzvipira kumhuri yavo sechipo chavakapiwa naTenzi, vanoitawo hanya chaizvo noutano hwemhuri yavo.

Kuva nehanya zvinoratidza rudo nounyoro kunodarika mapiritsi. Kuva nounyoro, kuwanirana nguva yokuva pamwechete, nokutaurirana zvakanaka zvinobvisa kusagadzikana paviri hwenyu, kushatirwa nokurwisana. Izvi zvinosandura tsika namagariro avanhu: varume vanenge

vasisaoni “kuranga” vakadzi vavo nokuvarova “sekodzero” yavo (asikuti kutyora kodzero dzomunhu: “munhu wose ane kodzero yokuremekedzwa chiremera chake. *Hapana ... kushungurudzwa kana kusabatwa somunhu nokudzikisirwa kunobvumidzwa*”. Article 5. *The African Charter on human and people's rights*”).

Nyaya youtano inyaya yezvamatongerwo enyika. Vabereki vose vanofanira kupinda mairi. Shoko Rakanaka roUpenyu rinotikurudzira isu tose, kwete vashandi vezvoutano voga. Hatigoni kusapindira mune zvatongerwo enyika kana zviine chokuita noupenyu hwedu, noutano hwemhuri dzedu. Utano hwemhuri dzedu ibasa redu. Utano hwanaamai vedu ibasa redu. Harisi basa ramapoka anopa rubatsiro (NGOs) kana makambani anogadzira mishonga.

Kudzivirira kubata pamuviri nokuchengetedza upenyu hwomwana asati azvarwa chinhu chinobata hana yomunhu. Tinoda kutenda vanozvipira kudzidzisa vechiduku navabereki vechiduku pamusoro penyaya idzi. Zvinosuwisa kuti Sangano harina zvizhinji zvariri kuita pakudzidzisa vanhu nezvazvo. Tiri kurega vana vaduku vachiita zvavanoda. Kugona kuchengetedza mwana ari mudumbu nokuzomugamuchira paanozvarwa zvinopa mufaro mukuru; hausu mutoro usingatakurike kwete. Vatendi vanofanira kugamuchira nomufaro mucheche achangozvarwa.

Uori kuba. Kunotitadzisa kuronga zvakananira kuti pave noutano hwakanaka.

Ko tinoda zvombo zvehondo zvakaite sepfuti, zvimbambaira uye nendege zvakananira kudaro here? Ko tinofanira kushandisa mari yakawanda kudaro here pazvombo zvokudeura ropa nokupondana? Ko iyo hondo nemhirizhonga ndizvo zvinodiwa here kudzivirira upenyu hwavadikanwi vangu?

Tinofanira kukwanisa kubhadhara vanamukoti navanachiremba mari yavanotambira, nokurapa varombo vasingabhadhari. Tinofanira kuderedza uwandu hwamadzimai anofa pakuzvara nokuponesa vana.

Izvi zvinogoneka. Zvirwere zvavana zvinorapika. Nemhaka yeiko tisingazviiti?

Savabereki vanehanya noupenyu hwemhuri dzavo tinofanira kurwisana nokuraramisa vanaamai. Ngatichiregai kubvuma kuti tafirwe namadzimai echiduku pakuzvara kwavo, sezvinonzi hapana zvinogona kuitwa. Kupa upenyu hakufaniri kuva kutongerwa rufu, nokuti hakusi. Iri ndiro rimwe “shoko rakanaka” ratinofanira kufunga nezvaro nokuwana zvatingaita.

Mhuri dzisingaverengeki dziri kurasikirwa navadikani vadzo mutsaona dzomumigwagwa. Izviwo hazvifanirwi kuregerwa zvichiitika. Upenyu hwakakosha; ibasa redu rokuhuchengetedza. Tinogona kutaurira vanhu mumaparishi medu nezvatinofanira kuita kuti tidzivirire njodzi dzomumigwagwa. Iyi Inzira inoonekwa yokuparidza nayo Shoko Rakanaka roUpenyu. Vana vedu vanofanira kudzidza zvinofanira kuitwa nomunhu wose anoshandisa mugwagwa vasati vabvumidza kutyaira motokari. Vabereki vakarongeka vanofanira kutora basa iri seravo, voona zvokuita.

Bumiro Romutemo Wenyika rinotsinhira nezvechiremera chomunhu. Munyika mune mhirizhonga nokurwisana nezvamatongerwo enyika, nokufa kwamabasa ezvoupfumi, kukoshesa chiremera chomunhu noupenyu hwake zvinotorwa sezvinhu zvisina basa. Asi isu tinozvukoshesa. Unhu hwomunhu hwakakosha chaizvo. Upenyu hwavadikanwi vedu hwakatikoshera zvikuru.

Savagari vomunyika ino navabereki, hatifaniri kurega vana vedu vachifurirwa kuita zvakaipa navanoita zvatongerwo enyika. Tisangoti "Siirai zvatongerwo enyika kuna avo vanoita basa iroro". Savagari venyika ino tinofanira kuva nehanya nazvose zvine chokuita noruzhinji rwavanhu. Ramangwana remhuri dzedu, ravana vedu, neravana vavana vedu rinovakwa nezvatinoita nhasi.

Ramangwana remhuri dzedu rinonaka nokuda kwenharaunda yakanaka, isina kusvibiswa nemishonga, nomweya une tsvina nemvura yakasviba. Tinofanira kutaura kuruzhinji pamusoro poutano hwavana vedu, kusanganisira hwomuviri, hwepfungwa nehwowweya.

Pazvipo zvose zvatakapiwa noMusiki,mvura ndicho chipo chikuru kudarika zvimwe zvose. Mvura ndihwo upenyu. Mutsika dzedu vasikana namadzimai ndivo vanoenda kunochera mvura. Vakaenda vanonowana mvura yakachena

here? Ko nguva haisati yakwana here yokuti vanakomana navanababa vabatsire hanzvadzi namadzimai nokuenda kunochera mvura iyi yakakosha? Kana kuti havagoni here kumira pazere vanhu vachitaura pachena kuti vane kodzero yokuwana mvura yakakwana, yakachena, isina utachiona nezvirwere?

## **Kutengeswa Kwavanhu Vachiitwa Nhapwa**

“. . . Kumanikidzwa kwemhuri kusiya misha yavo nokuda kwehondo, kushungurudzwa, urombo kana kushaikwa kworuenzaniso, namatambudziko anosanganikwa nawo parwendo anogona kukonzera rufu, zvinokanganisa pfungwa dzavanhu nokuparadzhanisa mhuri. Panofamba navanhu vanosiya misha yavo vachienda kune dzimwe nyika, Sangano rinofanira kuva nourongwa hwoufudzi hwakanaka hunobatsira mhuri dzasiya misha yadzo nehama dzasarawo.” (The Joy of Love, No.46).

Mhuri ngadzivenourongwa hunobatsira kuti hama dzisatorwa dzichiitwa nhapwa nokudzikisirwa, dzichitengeswa navanhu vanoda mari. Mhuri ngadzidzidzise vana kuti vakure vachiremekedza nokukoshesa upenyu hwavo nohwavamwe vanhu. Kutengeswa kwavanhu kunofanira kumiswa nemhuri dzichishanda pamwechete vachiita zvakanakira ruzhinji rwavanhu. Mhuri dzinogara pamwechete ngadzibatsire munhu wose arimo kuti anzwe kuti inhengo yemhuri idzi. Mumhuri ndimo mavanowana rudo norutsigiro.

"Nguva dzose rudo rune kunzwirana kunoita kuti ndigamuchire mumwe munhu somumwe wangu kunyange aine maitiro akasiyana neandinoda ini” (The Joy of Love, No.51). Papa Francis vanonyatsoronedzera chinzvimo chorudo pavanoti kuwirirana kunobva mukuvimbana kusina kumbunyikidza mumwe,asi kunosunungura mumwe kusingamuiti munhu wangu kana kumudzvinyirira nenzira ipi zvayo.

Uipi hwokutengeswa kwavanhu nokushandiswa kwavo zvinogona kupedzwa kana vanhu vakava nehana dzakaumbwa zvakanaka, dzinogona kuriritira mumwe nomunamato,norudo, nokumuchengeta nokupa mari dzokubatsira, nokuita kuti pave namabasa nepokugara pakakodzera.

**“Tenzi ngaarumbidzwe nomuHanzvadzi yedu Mvura. Ane basa guru, anozvinipisa, akakosha uye mutsvene.”** (Francis Mutsvene wokuAssisi, 13th century)

**Ngatinamatei:**

*“Mhuri Tsvene yokuNazareti  
Dai mhuri dzikasanganzve nemhirizhonga, kurambwa nokuparadzana;  
Dai vose vakarwadziswa nokunyadziswa  
Vawana kudziirwa nokurapwa.  
Mhuri Tsvene yeNazareti  
Itaiwo kuti tione zvakare utsvene hwemhuri nokukosha kwokusapunzwa  
kwayo  
Nokunaka kwayakaita muurongwa hwaMwari.  
Jesu, Maria naJosefa inzwaiwo munamoto wedu. Ameni.*

(Kubva kuna Papa Francis: The Joy of Love, Munamoto kuMhuri Tsvene)

**+Michael D. Bhasera, Bishop of Masvingo (ZCBC President)**  
**+Robert C. Ndlovu, Archbishop of Harare (ZCBC Vice President)**  
**+Alex Thomas, Archbishop of Bulawayo (ZCBC Secretary/Treasurer)**  
**+Angel Floro, Bishop of Gokwe**  
**+Albert Serrano, Bishop of Hwange**  
**+Xavier J. Munyongani, Bishop of Gweru**  
**+Paul Horan, Bishop of Mutare**  
**+Patrick M. Mutume, Auxiliary Bishop of Mutare**

## **Tsamba dzoUfudzi dzeZCBC pamusoro poMuchato neMhuri**

*MaBhishopi omuZimbabwe akanyora nokudzidzisa vaKatorike vomunyika ino kakawanda pamusoro poMuchato neMhuri; Zvokuva Munhukadzi kana Munhurume nezvoKukosha kwoUpenyu.*

*Tsamba idzi dzinowanikwa pamasaisai edandemutande (internet) (www.afcast.org) nomumabhuku.*

Christian Marriage and Family Life, 1984, ZCBC Pastoral Letters Volume One, p. 196

AIDS and our moral responsibility, 1987, ZCBC Pastoral Letters Volume Two, p.16

Save Our Families, Pastoral Letter on Marriage, Family, Sexuality, and the AIDS Epidemic, 1991, ZCBC Pastoral Letters Volume Two, p. 26

Human Life is Sacred, 1994, Catholic Bishops Strongly Oppose Abortion, ZCBC, Pastoral Letters Volume two, p. 48,

Even Children of HIV-positive mothers have a Right to Life, 1994, ZCBC Pastoral Letters Volume Two, p.54

The Family is the Basic Unit of Society, Cairo World Conference on Population and Development, 1994, ZCBC Pastoral Letters, p. 56

God's Love in Marriage and Family, Based on Pope John Paul's "Letter to Families", 1994, ZCBC Pastoral Letters Volume Two, p. 66

Male and Female He created Them, Human Rights Based on God's Law, 1996, ZCBC Pastoral Letters Volume Two, p. 77

Proclaiming a Gospel of Life, [capital punishment, abortion, same sex unions], 2012, ZCBC Pastoral Letters, p. 347

With an Undivided Heart, To Priests, Religious and Seminarians [celibacy], I, II, III, 2015, ZCBC Pastoral Letters, p. 395 ff.

## **Mabhuku Akashandiswa**

**Pope Francis, Post Synodal Apostolic Exhortation Amoris Laetitia, On Love in the Family, 2016**

**LUMKO, Marriage - A community reflection, No 035 B**

**Africa Family Life Federation, Guide to Living CHRISTIAN Love, Marriage and Family, Paulines Publications Africa**

**LUMKO, Preparing for your Marriage, No 23 M**

**Jason Evert, Pure Manhood, How to become the Man God Wants you to be, Catholic Answers**

**Crystalina Evert, Pure Womanhood, In Today's World it is all too easy for a young woman to fool herself with lies about love, San Diego, USA, 2008, Catholic Answers**

**Christopher West, Good News about Sex and Marriage, Answers to your Honest Questions about Catholic Teaching, Society of St Paul, Bangalore, India, 2012.**

**Toni Rowland, Marriage and the Paschal Mystery, Making not Breaking the Link, 12 Reflections on Living a Christian Marriage for everyone, but especially for couples, Marfam, SA.**

**Dr. Leonie McSweeney, Natural Family Planning, Mambo Press Gweru.**

**Aeneas Chigwedere, LOBOLA, The Pros and Cons, Books for Africa, Harare, 1982**

**Chipo Moyo, Let's Learn about AIDS, The College Press**

**Robert Kelly SJ, Calming the Storm, Christian Reflections on AIDS, Mission Press, Ndola, Zambia**

**Robert Kelly SJ, Dzikama – Rega Kuora Mwoyo,**

**Pfungwa dzechiKristo neChirwere cheShuramatongo (AIDS), Mambo Press**

**Zvifundiso Zvavachati, Mambo Press, Gweru**

**Isaac Wilson Jambo, Face to Face with AIDS, A True Life Story, Montfort, Balaka, Malawi**

**DR Geoff Foster, 100 Questions and Answers about AIDS, Mambo Press**

**Jane M Kiura, Sexuality and Fertility Awareness, a book for boys and girls, St Paul Publications Africa**

**SECAM, The Family is our future**  
**SECAM, The African Family Yesterday, Today and Tomorrow in the**  
**light of the Gospel, 2016.**





## Contact Us

Published by:  
Zimbabwe Catholic Bishops' Conference  
Africa Synod House, 29-31 Selous  
Avenue  
P.O. BOX CY 738  
Causeway, Harare  
Email: [gensec@zcbc.co.zw](mailto:gensec@zcbc.co.zw)  
Telephone: + 263-4-705368/9

DTP by The Social Communications Department